


# Sekirite Konsènan

## Dife nan Aparèy Chofaj Pòtab



### Dife nan Aparèy Chofaj Pòtab

Pifò dife ki pran nan aparèy chofaj pòtab fèt lè gen atik ki ka pran dife tankou dra, rad, oswa mèb ki twò pre aparèy chofaf la. Li ka rive tou lè aparèy chofaj la kon- ekte nan yon alonj oswa miltipriz.

#### Konsèy pou sekirite

Si ou dwe itilize aparèy chofaj pòtab pou chalè, sèvi ak li pi an sekirite posib.

- Lè w ap achte yon aparèy chofaj, chwazi youn ki teste epi ki gen etikèt yon konpayi ki fè tès yo rekonèt nan nivo nasyonal, tankou Underwriter Laboratories (UL) oswa Intertek (ETL).
- Mete aparèy chofaj la a 3 pye distans ak rido, mèb, oswa lòt materyèl ki ka pran dife.
- Chwazi yon aparèy chofaj pòtab ki gen yon entèriptè otomatik pou fèmen aparèy la si li panche.
- Mete aparèy chofaj la sou yon sifas ki plat ki lwen zòn kote yon moun ta ka frape li oswa fè li tonbe.
- Pa janm kite yon aparèy chofaj pòtab san siveyans oswa ap mache pandan w ap dòmi.

- Siveye timoun ak bèt kay lè w ap itilize yon aparèy chofaj pòtab.
- Mete aparèy chofaj elektrik yo lwen dlo. Pa janm itilize yo toupre lavabo oswa nan douch.
- Aparèy chofaj kewozèn ak pwopàn pòtab yo ilegal pou itilize nan kay nan Massachusetts.

**Toujou itilize yon aparèy chofaj pòtab dirèkteman nan yon priz ki nan mi, men pa nan yon alonj oswa miltipriz.**



Department of Fire Services  
[www.mass.gov/dfs](http://www.mass.gov/dfs) 978-567-3100

